Li ñu jublu ci Nangu

Nangu dafa nekk dogal la bu ñu ay nit yu bëgg a ànd ci jëfu sëy jëlandoo ci xam, ci coobare. Nangu nekk na lu ñu mën a fésal ci kàddu walla ci jëf, fii ak yooyule kàddu mbaa jëf dañuy wone ci lu leer ne ñi mbir mi soxal joxe nañu seen ndigal ak bëgg-bëgg ci ànd sëy. Ag noppi walla ñàkk a bañ, loolu kese doyul ci wone ni nangu am na. Li nangu dii tekki nekkul luy soppiku te mu aju ci nekk gi niit ki nekk góor mbaa jigeen, jëmuwaayam ci wàllu sëy, fi mu féetale boppam ci wàllu nekk góor walla jigeen, walla ni muy fésalee péetale googu.

Nangu ànd sëy walla ag nangu ànd sëy gu weesu diggante/ak ay nit tekkiwul ni nangu am na ci yeneen sëy yuy amaat.

Nangu doon na lu war doonte kiy sàkku sëy bi dafa nekk ku sineebar wallaa sàngara muur xelam.

Ki nangu ci njëlbeen, saa yu ko neexe mën na dellu gannaaw ci nangu googu.

Nangu mënul a nekk su fekkee ne gàllankoor dafa am. Gàllankoor ni muy ame mooy su nit ki mënatul a nangul boppam sëyam ak nit. Yi mën a jur gàllankoor bokk na ci tàqalikoo ak sa sago walla xëm, nelaw, jataŋ bu teguwul ci coobare, walla beneen sabab buy taxx nit ki du mën a nangu. Nitku nekk jëfandikoo tooke gu mel ni sàngara, sineebar ak ñoom seen, mën na am gàllankoor ba tax mu ñàkk a mën a nangul, mu ngi aju rekk ci ni tooke gi muuree am xelam.

Nangu su fekkee ne li ko jur mooy metital, tiital, dànkaafu walla ngaañ, dootul mën a wér.

Su nit ki delloo gannaaw ci nangoom walla mënatul a nangu, sëy bi dafa war a dakk ci saa si.

Liy dàq daan yi bawoo ci tëralini jëfandiikoom Sineebar walla Sàngara.

Wér ak kaaraange bépp ndongo ci Rockland Community College dafa am solo bu baax. RCC nangu na ni ndongo yi nga xam ne dañuy naan sàngara ak/walla di jëfandikoo sineebar (ñu tey ko walla déet) ci waxtu wi fitna amee, te mu bokk doonte sax du fi yem, fitnay biir kër, fitnay labat, xoqatal, walla fitna bu dellu ci sëy, mën nañu am sikk-sàkka ci siiwal boobule xibaar bu ndax daan yi ñu mën a teg ci kowam ndax doxalinam woowu. RCC mu ngi ñaax bu baax ndongo yi ngir ñu yëgal njiiti daara ji fitnay biir kër, fitnay labat, xoqatal, walla walla fitnay sëy yi. Bépp seede mbaa nit ku dëggu ku yëgal ñi ŋànk RCC walla ñiy wattu yoon ab xibaar buy feeñal fitnay biir kër, fitnay labat, xoqatal, walla fitnay sëy, dara du ko ci fekk ci daan yu aju ci wàcc-yoonug sàrti jëffandikoo sàngara ak/walla sineebar yu RCC's, ca jamono ja fitnay biir kër ji,walla fitnay labat ji, xoqatal bi, walla fitnay sëy amee.

Yelleefi Ndongo yi

Bépp ndongo am na yelleef yii :

Kalaame ca wattukatu yoon walla ca pólis bi ci dëkkuwaayam ;

Siiwal bépp fitnay biir kër,walla fitnay labat, xoqatal, walla fitnay sëy gu tiis gu am ;

Jël ndogalu siiwal walla ñàkk a siiwal ab kirim walla wàcc-yoon bu am ak bokk ci àtte bi ci aju te kenn du teg benn bundxatal ci daara ji ;

Bokk cib àtte bu jengul féetewul boor, bu koy yëgal ci ni ko yoon bëgge te di ko déglu ni mu waree ;

ñu sàmmoonte ak gëddaam ci daara ji, te defal ko toppatoo bi war ci wàllu wér-gi-yaram, te di ko xelal fii ak loolu mu ngi mën a nekk ;

ñu bañ a def ci xelu kiy kalaame ni nekkul ci dëgg ci jamono ji kirim yi walla wàcc-yoon yi di amee ; ñu bañ it di ko wax ni waroon na doxale neneen ngir kirim walla wàcc-yoon yooyu bañ a am ;

di moytu di sant kiy kalaame mu jaaraat ci ni ñaawteef yi deme, lu dul ne lu mënul a ñàkk la ; néewal limu ñiy teewal daara ji su loolu dee am.

Aar bépp ndongo, ki ñu jiiñ, ak/walla ki war a indi ay tontu, ak/walla seen xarit, seen njaboot ak seen ay xame, ci bépp fayu bu leen daara ji mën a teg ci bérab bi ñuy amale àtte bi ;

May nit ki mu mën a woote, gën-gaa-néew benn yoon ngir ñu xolaat dogalu àtte bi ;

May nit kiy kalaame, ki ñu jiiñ, ki war a indi ay tontu, mu ànd ak ku koy xelal ku mu tànn ngir mu koy taxawu ci àtte bi ak ci bépp njaje mbaa woote ngir déglu bu àtte bi laaj ;

mu fésal ay yelleefam, doxal diineem, te lànket yi walla pàccum yoon wiy saytu kirim yi mbaa wàcc-yoon yi te bawoo ci daara ji du ñu ko ci indil benn gàlllankoor.

Wérul ñuy jox walla ñuy ñàkk a jox nit ki yelleefam te di aj ci xeet, melo yaram, askan, diine, ngëm-ngëm, limu at, laago, nekkug góor mbaa jigeen, fi nit ki féetale boppam ci wàllu nekkug góor mbaa jigeen ak ni muy fésale googule péetewoo, daraja nit ki ci njabootam, jëmuwaayu nit ki ci wàllu së y, ëmb, am gi nit ki am yenn màndarga ci mbindinu biiram, darajaam ci wàllu militeer, nekk gi nit ki nekk ku fitnay biir kër dal ci kawam, walla ngëm-ngëmu nit ki ci wàllu ñaawteef, moo xam kirim/ñaawteef bi walla wàcc-yoon bi mu ngi ame ci biir daara ji walla ci bitteem, walla jamono ji nit ki nekk di jànge biitim réew.

Yell na ci nit ki mu kalaame ci Pólisu Daara ji, ci ñiy saytu kaaraange kàmpis bi, walla ci ñiy wattu yoon ci dëkkuwaay bi, walla sax mu ñàkk a kalaame. Yell na itam mu kalaame ca ña ŋànk daara ji. Yelleef la it daara ji aar ko ci bépp fayu gu mën a bawoo vi kalaame gi mu def te taxawu ko.